PUPUH XXVIII: SINOM (8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a) – REDIAN

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	**(h.223)** Nanging Kangjěng Sri Nalendra, wus lami datan nuruti, mring aturira Ki Maja, měngkana karsaning Widi, Sang Nata mapan gampil anuruti aturipun dhumatěng Kyai Maja, pan samya kinen dhawuhi, marang sagung wadya Měntaram sadaya,	Namun Sang Raja telah lama tidak menuruti perkataan Ki Maja. Demikian kehendak Tuhan, Sang Raja (kini) mudah menuruti perkataan Kyai Maja, serta (ia) diminta memberi perintah kepada seluruh tentara Mataram.
2.	Pangran Ngabehi aturnya, dhatěng Kangjěng Sri Bupati, yen parěng karsa Nalendra, něnggih Basah Ngabdullatip biněktakakěn malih, dhatěng pun Nataprajeku, amrih sami santosa, Sang Nata sampun ma-**(h.224)**-rěngi, mapan kinen lajěng dhawahi punika,	Kata Pangeran Ngabei kepada Sang Raja, "Jika diperbolehkan atas izin Raja, Basah Ngabdullatip dibawa kembali kepada Pangeran Natapraja supaya semua (pasukan menjadi) kuat." Sang Raja telah mengizinkan, lalu disuruh (untuk) memberi perintah,
3.	Lawan kinon rumihina, bupati wetan Yogja ki, kělamun panggih neng griya, sadaya pan kinon ngěrig sarěng alampahneki, lan Raden Basah sědarum lan Pangran Natapraja, pan lajěng kinen dhawahi yen Sang Nata arsa bědhah Surakarta	dan (tidak lupa untuk) menyuruh mendahului (yakni) bupati timur Yogyakarta ini jika bertemu di kediaman. Semua disuruh berduyun-duyun bersama berjalannya dengan semua Raden Basah serta Pangeran Natapraja. (Mereka) disuruh memberi pesan bahwa Sang Raja hendak menaklukan Surakarta.
4.	Prajurit Pajang punika, kabawah Nataprajeki, sawetan margi sadaya, mapan kinen ngěrig sami,	Prajurit Pajang (yang) dipimpin Pangeran Natapraja semua berada di timur jalan. (Mereka) semua diperintah berjalan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan majěnga iki, ing Baki barisanipun Den Basah tur sandika, nulya atěngara jurit pan samahab[1] sagung ingkang wadya kuswa,	maju bersama barisannya menuju Baki. Raden Basah bersedia, segera membunyikan penanda perang. Seluruh bala tentara bersiap diri.
5.	Den Basah Dullatip budhal kalawan sawadyaneki, měngkana wus tan winarna, kawarnaa Sri Bupati, ngrasuk busana jurit wadya gung sumahab sampun Basah kalih punika, Kyai Maja Pangran Behi, wus su-**(h.225)**-měkta Kangjěng Ratu kang winarna	Raden Basah Abdul Latif berangkat bersama seluruh prajuritnya. Demikian telah tidak diceritakan. Dikisahkan Sang Raja mengenakan busana prajurit. Seluruh bala tentara telah bersiap. Kedua Basah – Kyai Maja dan Pangeran Ngabei – sudah bersiap. Kangjeng Ratu yang dikisahkan
6.	Sědangunira punika, ngladosi kang raka iki, wau denira busana, lamun Jěng Ratu ningali, dhatěng Sri Narapati, pan kuměmběng wěspanipun Sri Nalendra tumingal lamun kang rayi prihatin gya sinambut pinangku sang lir supadma,	selama melayani kakandanya saat berbusana. Jika Kangjeng Ratu memandang Sang Raja, (ia) berkaca-kaca matanya. Sang Raja melihat bahwa adindanya prihatin. Segera disambut (dan) dipangku Sang Ratu
7.	Sarta inglus kang Sri Nata, Sri Narpa lan ngandika ris nah angger intěn kumala, punapa kang dados rujit, karya kěpyuring abdi, mas mirah pun kakang estu,	seraya dielus oleh Sang Raja. Paduka Raja berkata dengan lembut, “Dinda, (engkau sang) permata. Apa yang membuatmu sedih? (Dikau) membuat hatiku tergetar. (Engkau) permata, kakandamu sungguh

[1] Sesuai konteks dibaca *sumahab*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	něnuwun ngandikaa, lamun dasih tan udani, ingkang dadya rujit kaya ěla-ěla,	memohon, katakanlah jika hamba tidak memahami apa yang menjadi kesedihanmu. Seperti *ela-ela.*
8.	Yen tan kalilan běndara, pun kakang lumampah jurit sayěkti mangsa siyosa, Kangjěng Ratu matur aris nuhun puntěn Děwaji, kawula mapan saestu, ing tyas mapan tan nědya, yen karya keren tya-**(h.226**)-s Aji, nanging netra kang kědah mědal locana,	Jika tidak diizinkan, *bendara,* (maka) kakandamu ini berangkat perang sungguh. Masa bodohlah." Kangjeng Ratu berkata lembut, "Maafkan hamba, Paduka Raja. Sesungguhnya hamba dalam hati tidak berkehendak jika menggantungkan hati Paduka. Namun, mata (hamba ini) harus keluar air mata.
9.	Tan pirsa karsa Hyang Sukma, kawula lamun ningali, inggih dhumatěng Paduka, netra kědah mrěběs mili, mesěm Sri Narapati, pun pawandeya masku[2], pun kakang magut yuda, Kangjěng Ratu matur aris yen wandeya Dewaji kělangkung nistha,	(Hamba) tidak memahami kehendak Tuhan, hamba jika melihat kepada Paduka, mata ini harus mengeluarkan air matanya." Sang Raja bersenyum (seraya berkata), "Sudah pasti, (dinda) emasku, kakandamu (akan berangkat) berperang." Kangjeng Ratu berkata halus, "Jika diurungkan, (tentu) Paduka sangat nista.
10.	Pan abdi sampun suměkta, měngkana Sri Narapati, riwusnya mit miyos nulya, gya němbang těngara jurit budhal wadya pěngarsi, Bulkiya kang munggeng ayun anulya sinambungan Suraya lawan Pinilih,	Hambamu ini sudah bersiap." Demikian Sang Raja setelah berpamitan lalu keluar. (Sang Raja) segera membunyikan penanda perang. Berangkat pemimpin tentara. Bulkiya yang berada di depan, lalu disambung dengan (berangkatnya)

[2] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangran Behi Ki Maja nambungi nulya	Suraya dan Pinilih. Pangeran Bei dan Ki Maja segera menyambung.
11.	Kang munggeng ngarsa Nalendra, Mandhung Mantrilĕbĕt iki, wingking Ngampil Suranata lawan Suryagama asri, myang putra sĕntaneki, bupati Miji sadarum sampun budhal sadaya, saking Rĕjasa pu-**(h.227)**-niki, lampahira kadya wrĕdu angga sasra,	(Prajurit) yang berada di depan Raja (adalah) Mandhung dan Mantrijero. Belakangnya (yakni) Ngampil, Suranata, dan Suryagama beserta putra kerabat, semua bupati Miji. Semua telah berangkat dari Rejasa. Perjalanannya bagaikan seribu lintah.
12.	Dene sagung senapatya, sadaya wus kinen dhingin mĕngkana wus tan winarna, ing marga Sri Narapati, prapta Kĕdaren iki, mĕsanggrahan Sang Sinuhun lan sagung wadya kuswa, tigang dina winĕtawis tata-tata lawan ngasokakĕn bala,	Adapun segenap senapati semua telah diutus terlebih dahulu. Demikian tidak dikisahkan (yang ada) di jalan. Sang Raja sampai Kedaren. Sang Raja berkemah bersama seluruh bala tentara kira-kira tiga hari. (Mereka) bersiap diri dan mengistirahatkan tentara.
13.	Pangeran Dipakusuma, Raden Riya Sindurja ki, lan Tumĕnggung Sutayuda, tan kalilan dherek sami, kinen mĕksiya baris neng Dasasela puniku, sampun karsaning Sukma, Kangjĕng Sultan ing tyasneki, kang katingal kewala nanging kang garwa,	Pangeran Dipakusuma, Raden Riya Sindurja, dan Tumenggung Sutayuda semua tidak diizinkan ikut. (Mereka) disuruh untuk berbaris di Dasasela. Sudah (menjadi) kehendak Tuhan, dalam hati Kangjeng Sultan yang terlihat hanya istrinya saja.
14.	Aneng ing Daren punika, pun dalu kinen mĕtĕki, kang boyongan Nyonyah Cina,	Berada di Daren malam hari disuruh memijat (yaitu) boyongan Nyonyah Cina.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Kangjěng Sultan salah kardi, saking tyas mring kang rayi, kinarya panglipur wuyung, enjang anulya bu-**(h.228)**-dhal nyare ing Maja sawěngi, Basah Kasan Běsari sakancanira,	Kangjeng Sultan sikapnya tidak senonoh sebab saking rindunya hati kepada kekasihnya. (Nyonyah Cina) dijadikan hiburan hati. Pagi harinya berangkat, lalu menginap di Maja semalam. Basah Kasan Besari sekawanannya
15.	Prajurit Pajang sědaya, mapan kang kinen rumiyin, ingkang dadya tindhihira, Den Měnggung Mrětalayeki, lawan sakancaneki, kang prajurit Mandhung satus lajěng kinen gitika, ingkang baris Měnang iki, sampun prapta ing Měnang campuh kang yuda,	semua prajurit Pajang disuruh (berangkat) mendahului. (Seseorang) yang menjadi pemimpinnya (adalah) Raden Tumenggung Mretalaya bersama kawanannya (yakni) seratus prajurit Mandhung. (Mereka) lalu disuruh menyerang prajurit yang bersiap di Menang. (Mereka) sudah sampai di Menang lalu bertempur
16.	Lan prajurit Surakarta, nging rame sakědhap iki, prajurit Sala kuciwa, lumajěng lajěng dengeni, ing Měnang barisneki, mring Raden Měrtalayeku, nulya atur uninga, gya budhal Sri Narapati, saking Maja kalawan sawadya kuswa,	dengan prajurit Surakarta. Hanya ramai sebentar saja. Prajurit Sala kalah (dan) berlari, lalu ditempati di Menang barisannya oleh Raden Mertalaya. (Mertalaya) segera memberitahu (Raja). Sang Raja segera berangkat dari Maja bersama seluruh prajurit.
17.	Sampun prapta Sukaraja, měsanggrahan Sri Bupati, prajurit Panjang sadaya, kinen baris Gowok sami, Pangran Nataprajeki, lan Basah sakancanipun Ngabdulla-**(h.229)**-tip punika, kinen majěng baris Baki,	(Mereka) telah sampai di Sukaraja. Sang Raja berkemah. Semua prajurit Pajang disuruh bersiap di Gowok. Pangeran Natapraja dengan Basah sekawanannya (yaitu) Ngabdul Latif disuruh maju bersiap di Baki.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tan winarna kawarnaa Sukarĕja,	Tidak dikisahkan (lagi). Diceritakan (di) Sukareja.
18.	Sarĕng enjang inginggahan Kapir lawan Murtad sami, saking nĕgri Surakarta, ing Gawok pan sampun prapti, Basah Kasan Bĕsari, ingkang mĕthuk yudanipun lan Raden Mĕrtalaya, sampun campuh ing ngajurit pan kuciwa prajurit Panjang punika,	Setelah pagi, disingkirkan semua Kafir dan Murtad dari negeri Surakarta. Sudah sampai di Gawok, Basah Kasan Besari yang melawan pertempuran bersama Raden Mertalaya. (Mereka) telah bertemu dalam peperangan, terkalahkan prajurit Pajang
19.	Lawan Mandhung mundur samya kalawan atur upĕksi, dhumatĕng ing Sukarĕja, lamun sampun tan kuwawi, ingkang mĕngsah agĕng iki[3], Kangjĕng Sultan nuding sampun mring prajurit Bulkiya, Suraya lawan Pinilih, lan prajurit nĕnggih Prawiratamtama,	dan Mandhung semuanya mundur dengan memberi laporan menuju Sukareja bahwa (para prajurit) sudah tidak kuasa sebab banyaknya musuh. Kangjeng Sultan telah memilih prajurit Bulkiya, Suraya, Pinilih, dan prajurit Prawiratamtama.
20.	Anulya nĕmbang tĕngara, budhal sing Sukarĕjeki, Muhamad Usman Li Basah, lan Jĕng Gusti Iman Kamil Li Basah kang nindhihi, lan Den Jayanĕgareku, mĕngkana sa-**(h.230)**-mpun prapta, ing sakilen Gowok sami, wus kapĕthuk lan mĕngsah campuh ing yuda,	(Kangjeng Sultan) membunyikan penanda. (Mereka) berangkat dari Sukareja (yakni) Muhammad Usman Ali Basah, Kangjeng Gusti Iman Kamil. Ali Basah yang memimpin bersama Raden Jayanegara. Demikian telah sampai semua di barat Gowok. (Mereka) telah bertemu dengan musuh lalu perang.
21.	Pan anging rame sakĕdhap mĕngkana sarĕng udani,	Hanya ramai sejenak. Demikian setelah (mereka) mengetahui,

[3] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mĕngsah Kapir lan Murtad[4] kalamun kang Basah kalih, ingkang mĕthuk ing jurit mapan maksih mambu ilu, Kapir kalawan Murtad anulya lumajĕng sami, undurira mring nĕgara Surakarta,	musuh Kafir dan Murtad, bahwa kedua Basah yang menghadapi peperangan. (Sebab mereka) masih bocah ingusan, Kapir dan Murtad semua kemudian berlari. Mundurnya menuju negara Surakarta
22.	Mapan tan kenging tinata, mĕngkana Raden Dipati, Sasra kantun song-songira, langkung geger Kartawani, lawan kang jalma ngili, atumpuk neng alun-alun mĕngkana kang winarna, Kangjĕng Sultan denaturi, mring Ki Maja lajĕng bedhah Surakarta,	tidak bisa diatur. Demikian Raden Adipati Sasra hanya tinggal payungnya. Kartasura sangat geger dengan (adanya sekumpulan) manusia mengungsi yang menumpuk di alun-alun. Demikian yang dikisahkan, Kangjeng Sultan diberitahu oleh Ki Maja. (Sultan) segera menaklukkan Surakarta.
23.	Nanging Kangjĕng Sri Nalendra, ingkang tyas pan mara katri, kadya wus karsaning Sukma, mring risake sĕntaneki, mĕngkana Sri Bupati, kang Sinuhun mring Yyang Agung, **(h.231)**[5] nging engĕta kewala, marang parentahe Nabi, pan sĕdaya sagung wong Murtad punika,	Namun Sang Raja dalam hati tiba-tiba bergejolak. Seperti sudah menjadi kehendak Tuhan (peristiwa) rusaknya (hubungan) keluarga ini. Demikian Sang Raja kepada Tuhan hanya teringat kepada perintah Nabi (tentang) segenap orang Murtad
24.	Iya ing satanah Jawa, dene ingkang kaping kalih, ajrih bilih manggih alad[6] dhumatĕng kang samya surgi, mapan ping tiganeki,	di seluruh tanah Jawa. Adapun yang kedua, (Sultan) takut jika mendapat kutukan oleh semua yang telah berpulang. Ketiganya,

[4] Kurang satu suku kata
[5] Dalam naskah tertulis angka 221
[6] Sesuai konteks dibaca *alat*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	měksih engět wěspanipun duk lagya angkatira, saking ing Rějasa nguni, dadya kang tyas pan rangu-rangu kewala,	(Sultan) masih ingat (akan) tangisnya ketika keberangkatannya dari Rejasa pada waktu yang lalu. (Sultan) hatinya menjadi sangat kebingungan.
25.	Nanging Kyai Maja[7], asangět aturireki, Kangjěng Sultan ingaturan mapan tědhak anjěněngi, saking sangět turneki, Sri Nalendra dadya nurut Pangran Ngabehi nulya, utusan paring udani, marang Basah lan Pangeran Natapraja,	Tetapi Kyai Maja sangat menggebu-gebu ajakannya. Kangjeng Sultan diminta untuk turun menghadapi (musuh). (Sebab) sangat menggebunya kata (Kyai Maja), Sang Raja menjadi menuruti. Pangeran Ngabei segera (mengutus) duta (untuk) memberitahu kepada Basah dan Pangeran Natapraja.
26.	Kinen manjing malih ika, něnggih ing barisaneki, měngkana wus tan winarna, ing Sukarěja winarni, enjing němbang těngari, wus budhal kang wadya sagung **(h.232)** saking ing Sukaraja, Sri Nalendra aneng wuri, ginarěběg mring sagung putra santana.	(Mereka) disuruh memasuki kembali di barisannya. Demikian telah tidak dikisahkan. Diceritakan di Sukareja. Pagi harinya, (Sang Raja) membunyikan penanda. Seluruh bala tentara telah berangkat dari Sukaraja. Sang Raja berada di belakang diiringi seluruh putera kerabat.
27.	Samarga kapěthuk yuda, wong Sala wus tan ngundhili, mapan lumajěng kewala, prapta kidul ing Cěmani, kenděl Sri Narapati, mapan arsa salat luhur, lan sagung wadya kuswa, mapan samya salat sami, bakda salat pan sědya ngasokěn wadya,	Sepanjang jalan menjumpai pertikaian. Orang Sala telah tidak berkutik, hanya berlari saja. Sesampainya di selatan (yakni) di Cemani, Sang Raja beristirahat. Ia hendak salat dzuhur bersama seluruh bala tentara. (Mereka) semua bersalat. Selesai salat, (Raja) hendak mengistirahatkan tentara.

[7] Kurang dua suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
28.	Mĕngkana kang baris ngarsa, pan Basah Kasan Bĕsari, kalawan sakancanira, prajurit ing Pajang sami, kĕdhatĕngan puniki, mĕngsah ing Sala puniku, kalangkung denira kathah[8], Kapir Murtad Sala krĕrig pan lumajĕng sarta ngaturi uninga,	Demikian yang baris di depan (yaitu) Basah Kasan Besari bersama kawanannya semua prajurit Pajang. (Mereka) kedatangan musuh dari Sala. Sangat banyak Kapir Murtad Sala maju bersama. (Mereka) berlari serta memberitahu.
29.	Mapan asar wancenira, pan wus cuwa ing ngajurit mĕngkana mĕngsah gya prapta, sagung Murtad lawan Kapir, pinĕthukakĕn nuli, mring sagung pra dipatyeku, Raden Jayawinata, **(h.233)** lawan Mas Wiryanagari, Kyai Mangkuyuda lan Cakranagara,	Waktunya asar, (mereka) telah takluk dalam peperangan. Demikian musuh tiba – seluruh Murtad dan Kapir – segera dihadap oleh seluruh adipati (yakni) Raden Jayawinata, Mas Wiryanagari, Kyai Mangkuyuda, dan Cakranagara.
30.	Pan lagya ajĕng-ajĕngan sanjatan sakĕdhap sami, nulya Kangjĕng Sri Nalendra, kondur mring Sokarĕjeki, sagung kang pra dipati, sadaya pan kinen mundur, kĕsaput dalu ika, sampun sapih ingkang jurit, wangsul malih mĕsanggrahan Sokaraja,	(Mereka) sedang berhadap-hadapan (dan) saling beradu senjata. Sang Raja segera kembali ke Sokareja. Seluruh adipati semua disuruh mundur. (Suasana telah) terselimuti (gelapnya) malam. Sudah saling berpisah yang berperang, (lalu) kembali lagi berkemah di Sokareja.
31.	Satuhu kang tyas Nalendra, pan anging karya ngecani, mring panuwune Ki Maja, mĕngkana Sri Narapati, tan eca ing tyasneki,	Hati Sang Raja sungguh (tidak nyaman), namun (itu tadi dilakukan untuk) menuruti permintaan Ki Maja. Demikian Sang Raja hatinya tidak enak

[8] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	neng Sokaraja puniku, nging lingsĕm ngandikaa, ingaturan manjing malih, mring Ki Maja Kangjĕng Sultan datan arsa,	(ketika berada di) Sokareja. (Sang Raja) hanya malu (untuk) berkata (jika) disuruh masuk (peperangan) lagi oleh Ki Maja. Kangjeng Sultan tidak menghendaki.
32.	Mĕngkana mapan antara, tigang dina Kapir prapti, kalawan Murtad punika, mĕdal margi agĕng iki, Basah Kasan Bĕsari, tan purun mĕthukĕn iku, nanging angtur[9] uninga, sang Nata nuju siniwi, Kyai Maja **(h.234)** kang munggeng ngarsa Nalendra,	Demikian tidak lama, tiga hari (kemudian) Kafir datang bersama Murtad melewati jalan besar. Basah Kasan Besari tidak mau menghadapi (musuh), namun melaporkan (kepada Raja). Sang Raja sedang dihadap Kyai Maja yang berada di depannya
33.	Lan sagung kang pra ngulama, atĕnapi Pangran Behi, Pangran Ngabdul Majid ika, kalawan kang Basah kalih, myang sagung pra dipati Ki Maja mĕksa turipun Kangjĕng Sultan ngaturan ambĕdhah ing Kartawani, Sri Nalendra anantun dhatĕng kang paman	bersama seluruh ulama, begitu pula Pangeran Bei, Pangeran Abdul Majid, beserta kedua Basah, dan juga seluruh adipati. Ki Maja perkataannya memaksa. Kangjeng Sultan diminta (untuk) menaklukan Kartasura. Sang Raja menawarkan (hal itu) kepada pamanda
34.	Lawan Basah sakaliyan mĕngkana samya turneki, pan abdi Dalĕm sadaya, Mĕntawis dereng udani, Sala pakewĕdneki, kalawan kang gampil tuhu, inggih lamun wontĕna, ingkang pantĕs dados margi, pan prayogi datan ngĕkathahi karya,	dan Basah sekalian. Demikian perkataan mereka semua "Seluruh abdi dalem Mataram belum memahami hal aral dari Sala dan hal yang sungguh gampang. Jika adapun yang menjadi solusi, lebih baik tidak memperbanyak pekerjaan,

[9] Sesuai konteks dibaca: *atur*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
35.	Pan wontěn ngriki kewala, yen kanca Pajang nglawani, pan inggih mangsa sanesa, Ki Maja sakit tyasneki, dhatěng Jěng Pangran Behi dereng dumugi puniku, gennya imbal wacana kang kinen tur uning prapti, lamun měngsah prapta ing Wiyagang[10],	(sementara) berada di sini saja. Jika kawanan (prajurit) Pajang (hendak) menyerang, masa bodohlah." Ki Maja sakit hatinya kepada Kangjeng Pangeran Bei. Belum selesai (mereka) berbincang, (seseorang) yang diutus memberi laporan tiba. (Utusan berkata) bahwa musuh tiba di Wiyagang.
36.	Kangjěng Su-**(h.235)**-ltan angandika, mring kang paman Pangran Behi lawan Basah sakalihnya, pan kinen měthuk ing jurit lan sagung pra dipati, Basah kalih aturipun nanging panuwun amba, Paduka sampun ningali, alěnggaha aneng riki kewala[11],	Kangjeng Sultan berkata kepada pamanda Pangeran Bei serta kedua Basah (untuk) menghadapi peperangan bersama seluruh adipati. Perkataan kedua Basah, "Tetapi permintaan hamba (supaya) Paduka tidak menyaksikan (pertempuran), duduklah di sini saja.
37.	Dene di Dalěm sadaya, kawula suwun pan sami, tinindhihana Ki Maja, Kangjěng Sultan wus marěngi, ingkang kantun ngarsa Ji, nanging panakawan iku, gamĕl ngampil punika, wus dados rěmbag pan sami, nulya samya mundur sing ngarsa Nalendra,	Adapun semua abdi dalem, kami hambamu mohon (supaya) Ki Maja yang memimpin kami semua." Kangjeng Sultan telah mengizinkan. (Mereka) yang tinggal di hadapan Raja hanya *panakawan,* abdi *gamel,* dan *ngampil.* (Mereka) sudah berembug lalu semuanya mundur dari hadapan Raja.
38.	Anulya němbang těngara,	(Pangeran Bei) segera membunyikan

[10] Kurang dua suku kata
[11] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tan pantara usar prapti, nulya piněthukěn ika, dhumatěng wadya Pinilih, usar lumajěng bali, mring Wiyagang nědha tulung, dhatěng pělangkirira, měngkana kang Basah kalih, Pangran Behi lan Raden Jayanagara,	penanda. Tidak lama kemudian pasukan kuda tiba lalu dipertemukan dengan bala tentara Pinilih. Pasukan kuda lari (dan) kembali menuju Wiyagang hendak meminta tolong kepada *pelangkir*nya. Demikian kedua Basah, Pangeran Ngabei, Raden Jayanagara,
39.	Puthut Lawa Jawinata, myang sa-**(h.236)**-gung prajurit sami, mangilen rut padhusunan Ki Maja měngaler iki, lan Pangran Ngabdulmajid myang sagung ngulama iku, Suranata kělawan Suryagama datan kari, sampun tata nulya Kapir Murtad prapta,	Puthut Lawa, Jawinata, beserta seluruh adipati (berjalan) ke barat menyusuri pedesaaan. Ki Maja menuju arah utara dengan Pangeran Abdul Majid bersama seluruh ulama (dengan membawa prajurit) Suranata. Tidak ketinggalan prajurit Suryagama. (Mereka) telah bersiap. Kafir Murtad tiba
40.	Saking Wiyagang sadaya, pan nglěmpak dados satunggil nulya mariyěm punika, dhatěng pěsanggrahan aji, mapan tinitir-titir, kang pelor langkung drěsipun bubar kang panakawan ampingan kajěng kuweni, Sri Nalendra sěmana tumut ampingan	semua dari Wiyagang. (Mereka) berkumpul menjadi satu. (Mereka) lalu saling menyerang dengan meriam (mengarah) kepada perkemahan raja. Tiada habisnnya. Peluru meriam sangat derasnya (berjatuhan). *Panakawan* bubar (dan) berlindung (di balik) kweni. Demikian Sang Raja turut berpegangan
41.	Lawan kang paman satunggal ingkang nama Pangran Wijil pan langkung dhap alitira, rěbatan kajěng kuweni, lawan Sri Narapati, mapan gěgujěngan iku,	bersama (salah) satu paman yang bernama Pangeran Wijil. (Demikian) sangat rendah (dan) kecilnya (pohon). (Mereka) berebut kayu kweni dengan Sang Raja.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mĕngkana aturira, gih kawula sampun neng wingking[12], ala kayu dene katingal Nalendra,	(Mereka saling) bercanda. Demikian perkataannya, “Baik, hamba sudah di belakang, tidak baik jika dilihat raja,
42.	Tur mangsa aku katona, dadya samya suka-**(h.237)**-neki, mĕngkana wus tan winarna, kawarnaa kang ajurit nĕnggih Murtad lan Kapir, langkung kagyat sarĕng dulu, Islam malih punika, nulya Kapir mara katri, mapan sampun pinĕthukĕn sowang-sowang,	lagipula tidak mungkin hamba terlihat.” (Mereka) menjadi gembira. Demikian sudah tidak dikisahkan. Diceritakan yang berperang. Murtad dan Kapir sangat terkejut setelah melihat Islam (bertempur) kembali. Kapir lalu bergejolak dan telah dihadapi masing-masing.
43.	Kang ngidul ngilen punika, Kapir Murtad mapan sami, tĕmpuh kalawan Bulkiya Pinilih Suraya iki, Tamtama datan kari, Kapir Murtad mambu ilu, pan kabĕrĕk sadaya, ngungsi mring mariyĕmneki, nulya ngangsĕg Pinilih lawan Bulkiya,	(Adapun) yang (berada di) barat-daya, semua Kafir Murtad berperang dengan (prajurit) Bulkiya, Pinilih, Suraya, tak tertinggal (prajurit) Tamtama. Kapir Murtad (bagai) bocah ingusan, (mereka) semua berantakan (dan) mengungsi ke meriamnya. Pinilih dan Bulkiya segera maju
44.	Suraya lawan Tamtama, Kapir Murtad langkung giris lajĕng bĕrondong sĕnjata, binendrong mariyĕm sami, nanging kang Basah kalih tiga Jayanĕgareku, wus tan mĕrduli ika, lawan sakancanireki, nanging kantun angĕntosi Kyai Maja	bersama Suraya (dan) Tamtama. Kafir Murtad sangat ketakutan. (Mereka) lalu diberondong senjata. (Prajurit Islam) semua diberondong. Akan tetapi kedua Basah, ketiga, Jayanegara sudah tidak memperdulikan dengan kawanannya, namun tinggal menanti Kyai Maja.

[12] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
45.	Kapir Murtad sanjatanya, wus kathah tan mu-**(h.238)**-ngĕl iki, mapan saking kasĕsannya pan Basah Kasan Bĕsari, yudanira kalindhih, prajurit Pajang sĕdarum lan sagung pra dipatya, Ki Maja lumayu gĕndring, tur uninga dhatĕng Kangjĕng Sri Nalendra,	Senjata Kafir (dan) Murtad telah banyak (yang) tidak berbunyi. (Sebab) saking terburu-burunya, Basah Kasan Besari pertempurannya terkalahkan (beserta) semua prajurit Pajang dan seluruh para adipati. Ki Maja lari tunggang langgang melaporkan kepada Sang Raja.
46.	Ingaturan magut yuda mĕngkana Sri Narapati, mapan mĕksih ping-ampingan aneng ing kajĕng kuweni, langkung tyasnya nĕrpati, mapan tan sĕkeca iku, nging lingsĕm angandika, mĕngkana ngandika aris heh Ki Maja apa ingsun sira tĕrka,	(Sultan) dimohon (untuk) bertempur. Demikian Sang Raja masih bersembunyi di (balik) pohon kweni. Sang Raja hatinya sangat (sedih), tidak enak (hatinya), malu-malu untuk berkata. Demikian (Sang Raja) berkata, “Heh, Ki Maja, apakah aku engkau duga
47.	Iya wĕdi ing palastra, nulya lumampah Sang Aji, ingkang dherek nging punika, ingkang paman Pangran Wijil gamĕl kalawan ngampil panakawan samya kantun, pan mĕksih lit sĕdaya, Kangjĕng Sultan datan nitih, kang turangga mapan kinarung[13] kewala,	takut terhadap kematian?” Sang Raja segera berjalan. (Seseorang) yang mengikuti (yaitu) pamanda Pangeran Wijil, *gamel,* dan *ngampil.* Semua *punakawan* ditinggal (sebab) masih kecil (nyalinya). Kangjeng Sultan tidak menaiki kuda. (Kudanya) dikurung saja.
48.	Neng **(h.239)** wingking Ki Jayacapa, nanging asring mogokneki, pinĕksa mring gamĕl samya, mĕngkana sarĕng udani, Kapir lan Murtad sami	Ki Jayacapa berada di belakang, namun (jalannya) sering berhenti. (Ki Jayacapa) dipaksa (jalan) oleh semua *gamel.* Demikian setelah mengetahui

[13] Sesuai konteks dibaca: *kinarung*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kělamun Kangjěng Sinuhun nyalirani ing yuda, nulya kang mariyěm sami, ingajěngkěn kinarutug Sri Nalendra,	Kafir dan Murtad bahwa Sang Raja (yang) menjalankan peperangan, lalu semua yang (mengendalikan) meriam diajukan. Sang Raja dijatuhi (peluru meriam).
49.	Pan lěrěs margi gěng ika, lampahnya Sri Narapati, pan kadya kinarya lesan Ki Maja wus datan keksi, tan tahan aningali, mring swaraning pelor iku, dadya nyimpang Ki Maja, měngkana ingkang winarni Raden Dolah Prawiradirja duk mulat	Tepat di jalan besar, jalannya Sang Raja seperti dijadikan cibiran. Ki Maja sudah tidak terlihat, (sebab) tidak tahan menyaksikan suara peluru tersebut. Ki Maja menjadi menyimpang (jalannya). Demikian yang dikisahkan, Raden Dolah Prawiradirja ketika melihat
50.	Lan Raden Jayanagara, kělamun Sri Narapati, nyalirani ing ngayuda, dharatan nitih turanggi, langkung tyasira kalih, mudhun saking kudanipun lumajěng prapta ngarsa, lawan ngěmu waspa kalih, kancanira mapan tinilar sadaya,	bersama Raden Jayanagara bahwa Sang Raja (yang) menjalankan peperangan, (mereka berdua) di daratan menaiki kuda. Kedua (orang itu) hatinya sangat (terkejut), (lalu) turun dari kudanya, berlari tiba di hadapan seraya berkaca-kaca matanya. Semua kawanannya ditinggal.
51.	Yun matur langkung jrih samya, dadya luma-**(h.240)**-mpah neng ngrasi, punggawa kalih punika, sědaya samya neng wingking, mindhak wěspaosneki, Kapir ing panyiptanipun kang denangkah sirahnya, punika punggawa kalih, sabab samya andhap alit kalihira,	(Mereka) semua hendak berkata sangat takut. (Mereka) jadi berjalan ke hadapan (Raja) yakni kedua punggawa tersebut. Semua berada di belakang (Sang Raja). (Mereka) semakin waspada. Kafir dalam pemikirannya yang dituju (hanya) kepala Sang Raja. Kedua punggawa sebab pendek kecil

No.	Alih Aksara	Terjemahan
52.	Dadya lĕrĕs jajanira, nanging pitulung Yyang Widi, pelor awis dhawah jaja, sampeyan kang asring kenging, kontalira nibani, Pangran Wijil ĕmbanipun lajĕng putung sukunya, gya ingundurakĕn nuli, pan mĕngkana Den Dolah Prawiradirja,	menjadi tepat pada dadanya. Namun pertolongan Tuhan, peluru jarang mengenai dada, (melainkan) kaki yang sering terkena. Jatuhnya (peluru) menjatuhi *emban*-nya Pangeran Wijil, lalu putus kakinya. (Pangeran Wijil) segera diundurkan. Demikian Raden Dolah Prawiradirja
53.	Lan Raden Jayanagara, Sri Nalendra sabĕn kenging, pelor nanging sambatira, nanging Gustiku pan sami, lan kendĕl aningali, dhumatĕng ingkang Sinuhun, dadya dangu lampahnya, Sri Nalendra ngandika ris heh ta Sĕnthot aja mandhĕg mayo sira,	dan Raden Jayanagara, setiap Sang Raja terkena peluru, keluhannya semuanya “Tuanku!” dan (mereka) berhenti melihat kepada Sang Raja. Menjadi lama jalannya. Sang Raja berkata, “Heh, Senthot, jangan engkau berhenti.
54.	Wus payo **(h.241)** banjur kiwala, mĕngkana karsaning Widi, kenging malih Sri Nalendra, mapan angraos Nĕrpati, lir ginablog jajeki, ingkang pelor waja rĕmpu, aneng jaja punika, mapan ngantos ting parĕlik, dadya sĕpuh kang jaja mĕdal ludira,	Ayo, lanjutkan saja.” Demikian kehendak Tuhan, Sang Raja terkena (peluru) lagi. Sang Raja merasa seperti ditinju dadanya. Peluru baja hancur di dada (Sang Raja), sampai menjadi serpihan. (Peluru) menjadi *sepuh*, dadanya mengeluarkan darah.
55.	Sarĕng miarsa Nalendra, mapan kang rasukan abrit nulya engĕt mring kang garwa, mĕngkana esthining galih, paran polahireki, lamun ingsun tinggal mupus	(Sang Raja) setelah melihat busananya (menjadi) merah, lalu teringat dengan istrinya. Demikian kata hatinya, “Apa (yang) kaulakukan jika aku tinggal mati?

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan maninge nistha, lamun ingsun mati dhingin baya durung kalilan Allah Tangala,	Lagipula (sungguh) nista bila aku mati terlebih dahulu jika belum diizinkan Allah Ta'ala.
56.	Ĕnteka Kapir kuhiya, mĕngkana Sri Narapati. mapan langkung lingsĕmira, mundur sing payudan nuli, tumungkul lampahneki, sap-usap kinarya kudhung, datan ningali jalma, mĕngkana gamĕl udani, yen Sang Nata katingal abrit kang jaja,	Habislah Kafir keparat." Demikian Sang Raja sangat malunya lalu mundur dari pertempuran. Jalannya menunduk. Kacunya dijadikan kerudung. (Sang Raja) tidak melihat orang sekitar. Demikian *gamel* mengetahui jika di dada Sang Raja terlihat memerah.
57.	Nulya Kyai Jayacapa, **(h.242)** ingaturakĕn gya nitih, mĕngkana Ki Jayacapa, mapan anglir wus udani, yen kanin Sri Bupati, lajĕng binĕkta lumayu, mapan tan mĕdal marga, ngidul ngilen lampahneki, datan ngetang paluh jurang Jayacapa,	Kyai Jayacapa segera diserahkan (dan Raja) diminta menaiki (kuda). Demikian Ki Jayacapa seperti sudah memahami bahwa Sang Raja terluka. (Sang Raja) lalu dibawa lari. (Jayacapa) tidak melewati jalan (besar), perjalanannya (ke arah) barat-daya Jayacapa tidak memperhatikan jurang,
58.	Mapan lir ngambah radinan, saking marmaning Yyang Widi, kadya sakang tĕdah marga, mĕngkana ingkang winarni, Dolah Prawiradirjeki, lan Jayanĕgara iku tumingal mring Nalendra, lamun ingkang jaja kanin pan lumajĕng wrĕti mring Basah kalihnya,	(perjalanannya) menaiki pegunungan. Sebab kemurahan Tuhan, seperti *sakang* penunjuk jalan. Demikian yang dikisahkan Dolah Prawiradirja dan Jayanegara melihat (keadaan) Sang Raja bahwa dadanya terluka. Pelapor berlari kepada kedua Basah.
59.	Pan sĕdya ambĕg palastra, kalih wĕrti samya sabil	(Mereka) hendak membela kematian. Dua pelapor semua (hendak) sabil.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	měngkana Usman Li Basah, lan Gusti mam Basah Kamil sědaya ngamuk sami, Buskiya[14] Pinilih grěgut Suraya lan Tamtama, Seh Ngusman Li Basah iki, sampun mandhi waos Kyai Barutuba,	Demikian Usman Ali Basah dan Gusti Imam Basah Kamil, (mereka) semua mengamuk. (Prajurit) Bulkiya (dan) Pinilih berapi-api bersama (prajurit) Suraya (dan) Tamtama. Seh Ngusman Ali Basah telah memundi tombak Kyai Barutuba.
60.	Basah Iman Kyai Macan mapan rěmpěk majěng **(h.243)** sami, laknat Kapir pundirangan tan prěbeda Murtadneki, nanging angrutug běֹdhil kalawan mariyěmipun kang wuri sampun ngěmbyak měngkana gandhek prapti[15], mapan mindha utusanira Nalendra,	Basah Iman (memundi pusaka) Kyai Macan. (Mereka) semua maju serempak. Kafir laknat (lari) ke sana ke mari. Tidak berbeda halnya Murtad, hanya memberondong tembakan dengan meriamnya. (Pasukan) di belakang telah membuka barisan. Demikian pelapor datang menyamar (sebagai) utusannya raja.
61.	Dhawahi Basah kalihnya, tan kalilan magut jurit, sědaya kinen ngundurna, sagunge ingkang prajurit dene Sri Narapati, pan měksih waluya iku, sědaya ingandikan měngkana kang Basah kalih, langkung cuwa nanging ajrih yen nglajěngna,	(Pelapor) memberitahu kedua Basah (bahwa mereka) tidak diizinkan berperang. Semua disuruh mengundurkan seluruh prajurit. Adapun Sang Raja masih terselamatkan. Semua (telah) diberitahu. Demikian kedua Basah sangat kecewa, namun takut jika melanjutkan.
62.	Nging kantun kědhik kewala, kajěngnya waos pan sami, mapan nulya dhinawuhan sagung kang para prajurit	Namun hanya sedikit saja semua tombak kayu. (Mereka) lalu diberi perintah (yakni) seluruh prajurit

[14] Sesuai konteks dibaca *Bulkiya*
[15] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mring Basahira sami, sědaya pan kinen mundur, dadya kělangkung cuwa, sagunge ingkang prajurit dadya mundur ajrih lamun anglajěngna,	oleh semua Basah. Semua prajurit disuruh mundur. Menjadi sangat kecewa seluruh prajurit. (Mereka) menjadi mundur, takut bila melanjutkan.
63.	Kapir Murtad mapan samya, datan purun anututi, měngkana ingkang winarna, Ki Maja sarěng udani, mu-**(h.244)**-ndur sagung prajurit Sri Nalendra tan kadulu mapan tambuh polahnya, kapalira tan kěpanggih, dipunbakta lumajar mring gamělira,	Semua Kafir Murtad tidak mau mengikuti. Demikian yang dikisahkan. Ki Maja setelah mengetahui seluruh prajurit mundur, Sang Raja tidak terlihat. (Ki Maja) sangat buyar, kudanya tidak ketemu (karena) dibawa lari oleh abdi *gamel*-nya.
64.	Kapalnya Sěcanagara, Ki Maja kang dentunggangi, kang saking kasěsanira, mapan nanděr anututi, dhatěng Sri Narapati, lan Pangran Dul Majid iku, měngkana wus apanggya, neng marga lan Sri Bupati, lajěng kenděl ing Daren Sri Naranata	Kudanya Secanegara yang ditunggangi Ki Maja, sebab saking terburu-burunya mendekati dan mengikuti (perjalanan) Sang Raja dengan Pangeran Abdul Majid. Demikian sudah bertemu di jalan dengan Sang Raja. Sang Raja lalu beristirahat di Daren.
65.	Pan kenděl sakědhap ika, něnggih Pangran Nagbdulmajid ingkang ngaturi punika, baběni brěrananeki, srěbanira kinardi, Pangran Ngabdulmajid iku, mapan sarwi karuna, Sang Nata mesěm něbda ris wus ta adhi mapan nora dadi ngapa,	(Hanya) istirahat sebentar. Pangeran Ngabdul Majid yang menghaturkan harta-hartanya. Surbannya digunakan (untuk Raja). Pangeran Ngabdul Majid (mempersembahkan) seraya menangis. Sang Raja berkata halus seraya bersenyum,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		"Sudahlah, adinda, tidak jadi apa."
66.	Nulya mangkat Sri Nalendra, kang abdi wus kathah prapti, tan pantara prapta nulya, kuwanen Sri Narapati, Pangran Ngabdulmajid[16] angaturi nyare iku, Sri Nalendra tan ar-**(h.245)**-sa, pangandikannya Něrpati, ingsun adhi kuwatir bok ayunira	Sang Raja kemudian berangkat. Banyak abdi yang telah tiba. Tidak lama kemudian (Ngabdul Majid) berani (kepada) Sang Raja. Pangeran Ngabdul Majid mempersilakan (Raja untuk) menginap. (Sang Raja) tidak mau. Perkataan Sang Raja, "Adinda, aku khawatir akan ayundamu
67.	Kalamun angrungu warta, yen ingsun měngkene iki, pěsthi ika lamun bela, tan wurung mundhak warteki, dadi sangsaya iki, akarya susah mring sagung, wus payo adhi mangkat měngko yen dhadhari sasi, lawan padhaa sěmbayang dhingin ika,	jika (ia) mendengar berita aku seperti ini, pasti ia akan berbela. Tentu saja (semakin) melambung berita ini, menjadi semakin membuat susah bagi seluruh (orang). Sudah, ayo berangkat, dinda. Nanti jika (tiba waktu) purnama, (kita) bersembahyang dahulu secara bersama."
68.	Ri wus bakda salat samya, nulya kang sasi dhadhari, wus padha mangkat Nalendra, ing marga datan winarni, enjang prapta Kumiri, aněnggih barisanipun Pangeran Adisurya, kagyat Pangran Ngabdulrakim yen Nalendra kanin jaja ing ěmbanan	Setelah semua selesai salat, kemudian (terlihat) bulan purnama. Sang Raja telah bersama-sama berangkat. Tidak dikisahkan dalam perjalanan. Pagi hari sampai Kumiri yaitu barisannya Pangeran Adisurya. Pangeran Ngabdul Rakim terkejut bahwa dada Sang Raja terluka dan dibalut.
69.	Nyungkěmi pada karuna, něnggih Pangran Ngabdulrakim Sang Nata mesěm ngandika,	Menyembah seraya menangis Pangeran Ngabdul Rakim. Sang Raja berkata sambil bersenyum,

[16] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wus sira měněng sira adhi[17], pan nora ngapa iki, wus jamak prajurit iku, dangu kenděl Na-**(h.246)**-lendra, aneng ing dhusun Kěmiri, pan sarean aneng andhap pělěm ika,	"Sudah, tenanglah engkau, adindaku, tidak apa-apa ini. Sudah lumrahnya (seorang) prajurit." Sang Raja lama berdiam di Dusun Kemiri. (Sang Raja) tiduran di bawah pohon mangga.
70.	Ngaturan mring pasanggrahan Kangjěng Sultan datan apti, měngkana ingkang winarna, Pangran Behi lagya prapti, lawan kang Basah kalih, myang sagung prajurit iku, lajěng sohan mring Narpa, atur salam Pangran Behi, Basah kalih samya anungkěmi pada,	(Ia) dipersilakan menuju pesanggrahan, (namun) Kangjeng Sultan tidak menghendaki. Demikian tidak dikisahkan. Pangeran Bei baru tiba bersama kedua Basah beserta seluruh prajurit. (Mereka) lalu menghadap Raja. Pangeran Bei menghaturkan salam, kedua Basah menyembah kaki (Raja).
71.	Katiga angěmu waspa, Kangjěng Sultan ngandika ris lah wus ta padha měněnga, pan nora ngapaa iki, kang wingking kados pundi Pangeran Ngabehi matur, mila kantun kawula, mapan asat kang wingking, dene měngsah pan lajěng wangsul kewala,	Ketiganya berkaca-kaca. Kangjeng Sultan berkata halus, "Sudah, diamlah, (aku) tidak apa-apa. Bagaimana (kawanan) di belakang?" Pangeran Ngabei berkata, "Hanya tinggal hamba (saja). (Sudah) habis yang ada di belakang. Adapun musuh lalu pulang saja.
72.	Nanging pun Jayanagara, lan Basah Kasan Běsari, kula ken baris Koripan měngkana ingkang winarni, Ngrějasa mirsa warti, yen kanin ingkang Sinuhun kenging mriyěm kang jaja, dadya sagung para putri,	Tetapi Jayanagara dan Basah Kasan Besari saya suruh bersiap (di) Koripan." Demikian tidak diceritakan. (Kawanan di) Rejasa mendengar berita bahwa Sang Raja terluka (karena) terkena meriam (di) dadanya. Seluruh puteri menjadi

[17] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pan karu-**(h.247)**-na lawan Panĕmbahan ika,	menangisi Padukanya,
73.	Nanging Kangjĕng Ratu ika, kang tan sagĕd muhun iki, wus nir sagung katingal[18] mapan nĕdya bela yĕkti, dhatĕng Sri Narapati, lamun estu pawrĕteku, nanging Ki Sarutama, mapan wus ingagĕm iki, nanging samar tan ana jalma uninga,	namun (hanya) Kangjeng Ratu yang tidak bisa menangis. Telah hilang semua (yang) tampak. (Kangjeng Ratu) sungguh hendak membela kepada Sang Raja jika benar berita tersebut. (Pusaka bernama) Ki Sarutama sudah disandangnya. Tetapi samar tiada orang yang tahu,
74.	Sinasaban kasĕmĕkan pan wontĕn ingkang dentosi utusanira kang rama, Panĕmbahan dereng prapti, kinen yĕktosna ugi, estuning pawĕrta iku, mĕngkana kang winarna, Sri Nalendra budhal iki, mapan saking Kĕmiri sawadya kuswa,	(sebab) ditutupi kain penutup dada. Ada (seseorang) yang dinanti (yakni) utusan suaminya Paduka Raja yang belum sampai. (Ia yang) disuruh mengklarifikasi kebenaran berita tersebut. Demikian yang dikisahkan, Sang Raja berangkat dari Kemiri bersama bala tentara.
75.	Tan owah kadya angkatnya, utusan kapĕthuk margi, wangsul prapta matur nulya, yen tan ewah anglir nguni, dadya kendĕl pra sami, pra putri dennya muwun[19] lawan Jĕng Panĕmbahan wus ical sungkawaneki, nanging kantun ngantos-antos rawuh-**(h.248)**-ira,	Seperti tidak berubah keberangkatannya. (Mereka) bertemu duta di jalan kembali. (Ia) sampai lalu berkata bahwa (perjalannya) tetap seperti dahulu. Semua menjadi terdiam. Para putri ketika menangisi kepada Paduka Raja telah hilang kesedihannya, namun (hanya) tinggal menanti kehadirannya.

[18] Kurang satu suku kata
[19] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
76.	Měngkana Sri Naranata, mapan nitih tandhu iki, sampun prapta ing Rějasa, sarean genira nitih, kagyat kěparak sami, ingkang samya měthuk iku, lajěng samya karuna, Paněmbahan mělajěngi, mring kang putra pan sarwi angěmu waspa,	Demikian Sang Raja menaiki tandu, sudah sampai di Rejasa. Olehnya naik (tandu) sembari tiduran, (sehingga) abdi *keparak* terkejut. Mereka yang menjemput itu, menangis semuanya. Panembahan lari (mendekat) kepada sang putra sambil menangis.
77.	Wus cundhuk lawan Nalendra lajěng nyandhak tandhu iki, angrangkul sarwi karuna, Paněmbahan mring Narpati, Sang Nata ngandika ris, Kyai bok sampun muhun[20], kawula tan punapa, sampun limrah ing prajurit, pan punika Kyai dados pratandha[21],	Sudah bertemu dengan Raja kemudian meraih tandu itu, memeluk sambil menangis, (yakni) Panembahan terhadap Raja. Sang Raja berkata pelan, “Kyai, sudah jangan menangis, saya tidak apa-apa. Sudah lumrah dalam peperangan, itulah, Kyai, yang menjadi pertanda.”
78.	Sarwi mesěm Sri Nalendra, prapta pěsanggrahan nuli, tědhak saking tandhu nulya, Paněmbahan kang ngampingi, měngkana kang pra putri, sadaya sarěng andulu, ingkang jaja Nalendra, mapan měksih deněmbani, dadya muhun malih pra putri sadaya,	Sembari tersenyum Sang Raja sampai di tempat istirahat, lalu turun dari tandu, Panembahan yang mendampingi. Demikian para puteri, semua melihat bersama dada Sang Raja yang masih diperban, sehingga para puteri semua menangis lagi.
79.	Kangjěng **(h.249)** Sultan sampun lěnggah, neng jro pěsanggrahaneki, Kangjěng Ratu kang winarna, sarěng tumingal Narpati,	Kanjeng Sultan sudah duduk di dalam pesanggrahan. Kanjeng Ratu yang diceritakan, ketika melihat Sang Raja

[20] Kurang satu suku kata
[21] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang jaja denamběni, dadya mesěm Kangjěng Ratu, měngkana ciptanira, ingsun duga salah kardi, dene iku ěnggone kaliwat prana,	yang dadanya diperban, Kanjeng Ratu tersenyum, demikian pikirnya, “Aku kira salah tindakan, hal itu disebabkan kehati-hatian.
80.	Sawange nora ngapaa, Sri Nalendra ngandika ris Pa gene tan inguculan mapan tangan ingsun kalih, tan bisa cape iki, mesěm ngandika Jěng Ratu, kang bibi kinen ika Paněmbahan Sěpuh iki, anguculi Kangjěng Ratu nulya kesah,	Tampaknya tidak kenapa-napa.” Sang Raja berkata pelan, “Mengapa tidak dilepaskan, kedua tanganku ini tidak bisa karena tanpa daya.” tersenyum dan berkata pada Kanjeng Ratu. Sang ibu disuruh Panembahan Sepuh melepaskan (perban). Kanjeng Ratu lalu pergi.
81.	Sri Nalendra angandika, dhumatěng kang rama aris Kiyai Sampeyan mědal punika kang sami prapti, pan Sampeyan panggihi, lajěng Sampeyan ken mantuk Paněmbahan turira, sandika mapan wus mijil amanggihi ingkang samya prapta[22],	Sang Raja berkata pada ayahnya dengan pelan, “Kyai, engkau keluarlah, semua yang datang itu engkau temui, lalu engkau perintahkan untuk pulang.” Panembahan mengiyakan, memberi hormat lalu keluar menemui orang-orang yang datang.
82.	Měngkana wus tan wi-**(h.250)**-narna, pan kalilan mantuk sami, kawarnaa Sri Nalendra, ngandika marang kang bibi, tra Sampeyan mring pundi, mangke kula mindhak lampus Den Ayu Paněmbahan mesěm kesah angaturi, Kangjěng Ratu měngkana ingaturira,	Demikian sudah tidak diceritakan, (para tamu) diizinkan pulang semua. Diceritakan Sang Raja berkata pada sang ibu, “Putera Anda ke mana? Nanti aku keburu mati.” Raden Ayu Panembahan tersenyum, lalu pergi untuk mengundang Kanjeng Ratu, demikian katanya,

[22] Kurang dua suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
83.	Mapan tan kangge kawula, Sampeyan dipuntimbali, Kangjěng Ratu nulya prapta, měngkana wus tan winarni, Jěng Ratu Ibu iki, mapan sangět gěrahipun ingaturan uninga, lamun ingkang putra kanin pan lumajěng prapta pan lajěng karuna,	"Saya tidak terpakai, Anda dipanggil." Kanjeng Ratu kemudian sampai. Demikian sudah tidak diceritakan. Kanjeng Ratu Ibu ini sangat sakit, diberi tahu bahwa puteranya terluka, lalu berlari mendatangi (anaknya) sembari menangis.
84.	Měngkana sakondurira, saya sangět grěrahneki, punika dadya marganya, kondur mring Rahmatolahi, sinarekkěn Magiri, Kangjěng Sultan gěrahipun mapan sampun waluya, měngkana ingkang winarni, Pangran Natapraja kabujung yudana,	Demikianlah sepulang (menengok), (Kanjeng Ratu Ibu) semakin parah sakitnya, itu yang menjadi sebab kepulangannya ke Rahmatullah. (Ia) dimakamkan di Imogiri, Kanjeng Sultan sakitnya sudah pulih. Adapun yang diceritakan, Pangeran Natapraja dalam peperangan dikejar
85.	Saking ing Pajang punika, lawan Basah Ngabdulatip, ngantos dumugi Měntaram, Tuměnggung sabi-**(h.251)**-l satunggil, Pakiringan wismeki, lan Rangga Palered iku, jajar prajurit tiga, lajěng datan wangsul malih, dhatěng Pajang měngkana ingkang winarna,	(pasukan) dari Pajang, dengan Basah Ngabdullatip, sampai dengan Mataram. Tumenggung yang tewas satu (orang), Pakiringan rumahnya dan Rangga Plered itu, prajurit jajar (ada) tiga, kemudian tidak bisa pulang lagi ke Pajang, demikian yang diceritakan.
86.	Pangeran Dipakusuma, pan asring sělayaneki, lawan ingkang Basah Pajang,	Pangeran Dipakusuma sering tidak sepakat dengan Basah Pajang,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nuhun adil mring Narpati, kang rama tan ngadili, mapan lingsĕm tuhunipun dhumatĕng Kyai Maja, Kangjĕng Sultan wus udani, mring rĕsahe patraping Pajang punika,	(lalu) memohon keadilan pada Sang Raja. Ayahnya tidak mengadili karena sesungguhnya malu pada Kyai Maja. Kanjeng Sultan sudah tahu perihal kerusuhan tindakan Pajang.
87.	Ki Maja pan ingantosan saking aturnya pribadi, sabab ngakĕn adil ika, marma karsanya Nĕrpati, Ki Maja denayoni, saaturira tinurut, mapan satuhunira, lĕrĕs kang putra pribadi, lan mĕrina mring sagung wong desa samya,	Ki Maja ditunggu, dari perkataannya sendiri sebab mengakui itu adil. Oleh sebab (itu adalah) kehendak Raja, Ki Maja dipersilakan, semua perkataannya dituruti. Sesungguhnya puteranya sendiri yang benar dan semua orang di desa menjadi tersinggung.
88.	Dadya Pangran Dipakusuma[23], langkung gĕrah ing tyasneki, wau dhumatĕng kang rama, lingsĕm mring Ki Maja iki, Kangjĕng Pangran gya balik dhumatĕng Surakar-**(h.252)**-teku, Jendral lan Kangjeng Sunan langkung suka ing tyasneki, lawan putra santana ing Surakarta,	Pangeran Dipakusuma sangat sakit dalam hatinya tadi kepada ayahnya, malu terhadap Ki Maja. Kanjeng Pangeran segera kembali ke Surakarta. Jenderal dan Kanjeng Sunan sangat senang dalam hati, serta putera sentana di Surakarta.
89.	Ing wingking pan sinulihan nĕnggih Pangran Ngabdulmajid lan Raden Riya Sindurja, ing Pajang kang mĕsesani, kidul Jatosnem[24] sami, dene sawetan marga gung, ingkang mathoki ika,	Di kelak kemudian akan diganti, yakni Pangeran Ngabdulmajid dan Raden Riya Sindurja, yang menguasai di Pajang. Di selatan Jatinom semuanya, juga di sepanjang timur jalan besar, itu yang menjadi patokan.

[23] Lebih satu suku kata
[24] Nama lain *Jatinom* (?)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pan nanging Tuměnggung katri, wěsta Jayadipura Cakradipura,	Tetapi ketiga Tumenggung, yang bernama Jayadipura, Cakradipura
90.	Kalawan Martadipura, ing Pagělen tan winarni, mapan wus tan ana měngsah nanging kantun jana iki, pan ngeca-eca sami, ingkang Basah tiga iku, Pangran Dipanagara, nuwun Basah Ngabdullatip nindhihana kalawan ngěmbani kawula[25],	dan Martadipura, di Pagelen tidak diceritakan. Sudah tidak ada musuh, tapi tersisa manusia ini, semuanya baik-baik saja, yaitu ketiga basah itu. Pangeran Dipanegara meminta Basah Ngabdullatip untuk memimpin dan menolong para abdi.
91.	Měngkana ingaturira, mring kang eyang Pangran Behi, nulya katur Sri Nalendra, Sang Nata sampun marěngi, Den Basah Ngabdullatip, dadya karsanya Sang Prabu, dadya Basah utusan pundi kang kěndho prangneki, **(h.253)** mapan Basah Ngabdullatip kang lumampah	Demikian katanya pada sang eyang yakni Pangeran Ngabehi. Kemudian disampaikan pada Sang Raja, Sang Raja pun mengizinkan Raden Basah Ngabdullatip (untuk memimpin). Jadi kehendak Sang Raja, Basah diutus ke mana sekiranya (perlawanan) perangnya lemah. Basah Ngabdullatip yang melaksanakan.
92.	Prajurit pan pinaringan kapal lan wolung deseki, wěstra prajurit Jayengan sědaya sagung prajurit ingkang kilen Praga iki[26], pan pinaringakěn iku, mring Gusti Basah Iman Ngabdulkamil mapan sami, Basah Ngabdullatip mapan kinen mangkat	Para prajurit diberi kuda dan delapan desa, berpakaian prajurit Jayengan. Semua prajurit yang ada di barat Praga itu, yang diberikan kepada Gusti Basah Iman Ngabdulkamil. Basah Ngabdullatip diperintahkan

[25] Lebih satu suku kata
[26] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		berangkat
93.	Mring Pagĕlen ngĕmbanika, Jĕng Pangran Dipanagari, mĕngkana wus tan winarna, ing Kĕdhu ingkang winarni, Mas Tumĕnggung abaris Kĕrtanagara puniku, aneng ing ardi Rosan, lan Tumĕnggung Kĕdhu sami, Ngabdul Rahman kalawan Ki Wirarĕja,	ke Pagelen untuk membantu Kanjeng Pangeran Dipanegara. Demikian sudah tidak diceritakan. Diceritakan yang di Kedhu, Mas Tumenggung berbaris (bersama) Kertanegara di gunung Rosan, beserta Tumenggung Kedhu, Ngabdul Rahman serta Ki Wirareja,
94.	Mĕngkana pan inginggahan mring Kapir lan Murtad sami, mapan ta pinaju tiga, anulya pinĕthuk jurit sampun campuh pan nuli, tan ana kuciwa iku, sangĕt karoban lawan Mas Tumĕnggung denaturi, mundur nanging wantune Kĕrtanagara,	demikian menghadapi Kafir dan Murtad bersama-sama. Dihadapi bertiga, kemudian bertemu dalam peperangan, mereka sudah berbaur. Tidak ada yang kalah. Lawan sangat terdesak, Mas Tumenggung diperintahkan mundur, tetapi dibantu Kertanegara.
95.	Tan etang kathah kĕdhiknya, **(h.254)** lamun mĕsah laknat Kapir, pan nate majĕng pribadya, Kapir mapan kĕbur[27] sami, dadya kondhanging Kapir, pan langkung keringan sampun yen nanging tikĕl tiga, wong Kapir pan nora wani, anginggahi dhatĕng Mas Kĕrtanagara,	Tak terhitung banyak sedikitnya musuh yaitu Kafir laknat. (Kertanegara) pernah menghadapi sendiri, para Kafir hancur, itu menjadikannya terkenal di antara Kafir karena sangat ditakuti. Jika (jumlahnya) tiga kali lipat, pasukan Kafir itu tidak berani menghadapi Mas Kertanegara.
96.	Kadya wus karsaning Sukma, Mas Tumĕnggung prapteng jangji, angsal margi sabillolah, labĕt kenging pelor alit,	Seolah sudah kehendak Tuhan, Mas Tumenggung tewas mendapat jalan sabil, tertembak peluru kecil,

[27] Sesuai konteks dibaca *lĕbur*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	walikat ingkang kanin pan tinepong saradhadhu, nanging sapih kang yuda, Kapir Murtad kathah mati, mapan gangsal Islam kang sabil sakala,	tulang belikatnya terluka. (Ia) dikelilingi oleh serdadu lalu dipisahkan dari medan perang. Kafir Murtad banyak yang mati, sebanyak lima pasukan Islam mati sabil,
97.	Mapan ing Kĕdhu sakawan Mĕntawis ingkang satunggil mapan Rangga pamĕjahan Wirapati wĕstaneki, ingkang tiga Ngĕbehi, dene Mĕntawis puniku, mapan jajar kewala, prajurit ingkang winarni, Mas Tumĕnggung Kĕrtanagara punika,	di Kedhu empat orang, Mataram satu orang, Rangga yang tewas Wirapati namanya. Yang tiga adalah Ngebei di Mataram itu sebagai jajar saja. Prajurit yang diceritakan, (yakni) Mas Tumenggung Kertanegara
98.	Binĕkta mantuk wus prapta, tan arsa denusadani, dadya lajĕng sabi-**(h.255)**-lira, wus katur Sri Narapati, langkung pangunguneki, mapan dereng gadhah sunu, mapan sĕdherekira, mĕksih alit karsa aji, pan pinaring nunggak sĕmi karsanira,	dibawa pulang, sudah sampai. Tidak mau diobat, sehingga akhirnya meninggal. Sudah disampaikan pada Sang Raja, (Raja) sangat terkejut, (Kertareja) belum mempunyai anak dan saudara-saudaranya. masih kecil. Keinginan raja, akan diberi gelar sesuai nama pendahulunya.
99.	Tumĕnggung Kĕrtanagara, mapan wus datan winarni, Pangran Behi Ki Maja[28], umatur dhatĕng Nrĕpati. mapan ngaturi ngalih, neng Rĕjasa kirang cukup sagung rerepot punika, tan sagĕd dados satunggil Toya Kendĕl punika dados prayoga,	Tumenggung Kertanegara. Sudah tidak diceritakan. Pangeran Ngabei dan Ki Maja berkata pada Raja, menyampaikan hal perpindahan. Di Rejasa kurang cukup untuk seluruh pasukan, (sehingga) tidak bisa menjadi satu. (Di) Banyumeneng lebih baik,

[28] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
100.	Pan sagĕd dados satunggal sagung kang rĕrepot sami, Panĕmbahan sampun rĕmbag nulya kinen andandani Toya Kendĕl wus dadi, nulya budhal kang Sinuhun lan sagung repot samya, saking Rĕjasa wus prapti, Toya Kendĕl mĕsanggrahan Sri Nalendra,	karena bisa menjadi satu, seluruh pasukan. Panembahan sudah berembug, kemudian disuruh memperbaiki. Banyumeneng sudah jadi, lalu Sinuhun berangkat bersama seluruh pasukan dari Rejasa, sudah tiba di Banyumeneng, Sang Raja masuk ke tempat singgah.
101.	Mĕngkana ingkang winarna, Bagĕlen kanggenan ma-**(h.256)**-lih, dhumatĕng Kapir punika, Kurnel Klarĕs tindhihneki, lan Mayor Bukus iki, pan Uta Kapitanipun sewu Kapir lan Murtad nulya pinĕthukĕn jurit mring Pagĕlen sagung ingkang Basah tiga,	Demikian yang diceritakan. Bagelen ditempati lagi oleh pasukan Kafir. Kolonel Cleerens yang memimpin dan Mayor Buyskes dan Kapiten Uta. Seribu pasukan Kafir dan Murtad kemudian beradu di medan peperangan dengan pasukan Pagelen bersama ketiga Basah.
102.	Mapan kang nindhihi ika, nĕnggih Basah Ngabdullatip Pangeran Dipanagara, punika ingkang jĕnĕngi, rame sakĕdhap iki, Kapir mapan lajĕng iku, malĕbĕt loji Jana, pan lajĕng kinĕpung sami, marang sagung wadya Pagĕlen sadaya,	Yang memimpin adalah Basah Ngabdullatip. Pangeran Dipanegara yang memimpin sendiri. Beberapa saat (peperangan) ramai. Kafir maju masuk ke loji Jana kemudian dikepung semuanya, yaitu seluruh pasukan Pagelen.
103.	Nanging tan pawĕkas ika, rinangsĕg tan kadugi[29], sagung Pagĕlen punika, Jĕng Pangran Dipanagari,	Tapi tidak berakhir di situ, diserang secara tidak terduga seluruh pasukan Pagelen itu. Kanjeng Pangeran Dipanegara

[29] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	rěmbag lan Basah sami, utusan anuhun bantu, něnggih dhatěng Měntaram nanging kinarya pangirid sampun katur dhumatěng Sri Naranata,	berembug dengan semua basah, mengirim utusan untuk meminta bantuan pada Mataram, digunakan sebagai pengiring. (Pesan) sudah disampaikan pada Sang Raja,
104.	Marěngi wus pinaringan angěnggih ingkang tinuding, **(h.257)** Tuměnggung Sěcanagara, lawan saprajuritneki, ingkang kinarya tindhih, aněnggih Ki Margaewuh, pan Lurah Palawija, mapan sampun budhal sami, saking Toya Kenděl ing Pagělen prapta,	diizinkan dan sudah diberikan. Adapun yang ditunjuk (adalah) Tumenggung Secanegara beserta prajuritnya, yang dijadikan pemimpin adalah Ki Margaewuh yakni Lurah Palawija. Semua sudah berangkat dari Banyumeneng, sampai di Pagelen.
105.	Datan ngantos magud yuda, wontěn pitulung Yyang Widi, Kapir Murtad lajěng budhal kang Cina binakta sami, lajěng Jana puniki, pan lajěng tinilar iku, aprang samarga-marga, Bagělen kang ngodhol sami, mring Toyamas Kapir Murtad undurira,	Belum sampai maju perang, ada pertolongan Tuhan. Kafir Murtad berangkat, pasukan Cina dibawa semua, kemudian (tempat di) Jana itu ditinggal. Peperangan terjadi di sepanjang perjalanan. Pasukan Bagelen yang mengikuti pergi ke Banyumas, Kafir Murtad mundur.
106.	Mapan kěkecer bangkenya, Kapir lawan Murtad sami, Pakělen padhang sadaya, saběhdhahe Jana iki, mariyěm ingkang kari, mapan salikur puniku, agěng alit sadaya, sampun katur mring Nrěpati, ěněngěna Pagělen ingkang winarna,	Berserakan jasad Kafir dan Murtad. Pakelen menjadi terang semua, (dengan) ditaklukkannya Jana. Meriam yang tersisa berjumlah dua puluh satu, besar dan kecil, semuanya sudah disampaikan pada Raja. Dihentikan tentang Pagelen, sekarang yang diceritakan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
107.	Jendral Dhĕ Kok pan kengkenan dhumatĕng Sri Narapati, kintun surat abĕdhama, **(h.258)** Sang Nata dipunaturi, nanging namanireki, mapan mĕksih kang sinĕbut Pangran Dipanagara, kang surat wus denwangsuli, mring Ki Maja mĕngkana wangsulanira,	Jenderal De Kock menyuruh kepada Sang Raja mengirim surat perjanjian. Sang Raja diberi tahu tapi namanya masih disebut Pangeran Dipanegara. Surat itu sudah dibalas oleh Ki Maja, demikian balasannya,
108.	Sampunipun tabe kula, Jendral mapan kintun tulis mring Pangran Dipanagara, mapan botĕn wontĕn ngriki, Pagĕlen ĕnggeneki, Pangran Dipanĕgareku, kula nanging sung warta, mĕngkana pan kendĕl sami, nulya wontĕn malih surat ingkang prapta,	"Sesudah hormat saya (kepada Anda), Jenderal mengirim surat pada Pangeran Dipanegara, itu tidak ke sini, (tapi) di Pagelen Pangeran Dipanegara. Saya hanya memberi kabar, demikianlah semua berhenti." Kemudian ada lagi surat yang datang,
109.	Pan inggih saking kang raka, Kangjĕng Pangran Purbayeki, mĕngkana ijĕmanira, sampun salam taklimneki, katur dhi Prabu ugi, yen kenging pun kakang matur, dereng wontĕn adatnya, jumĕnĕng lawan pribadi, marmanipun prayogi mawi bĕdhama,	dari kakanda, (yakni) Kanjeng Pangeran Purbaya. Demikian isinya, "Salam hormat, kepada adinda Raja. Kalau boleh kakanda berkata, belum ada adatnya memerintah sendiri, karena lebih baik dengan mufakat
110.	Amrih eca tyasnya samya, pan kathah kang tan tinulis nanging prĕlunya kewala, Ki Maja nulya mangsuli, mring Pangran Purbayeki, **(h.259)** mĕngkana wangsulanipun	supaya enak hati semua orang." Banyak yang tidak ditulis, hanya seperlunya saja. Ki Maja kemudian membalas kepada Pangeran Purbaya, demikian balasannya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan kang salam pandonga[30], kawula nĕnggih pun kaki, Maja atur tulis mring Pangran Purbaya,	"Salam dan doa, saya, Ki Maja menghaturkan surat kepada Pangeran Purbaya,
111.	Pan inggih rayi Paduka, datan jumĕnĕng pribadi, Sinuhun Sultan punika, Ngabdulkamid pan pinaring, saking Rabilngalamin jinunjung ulama sagung sinahidan lan aprang, jumĕnĕng ratu agami, mapan Kuran punika ingkang parentah,	yakni adinda Paduka agar tidak memerintah sendiri. Sinuhun Sultan itu, diberikan Ngabdulkamid dari Rabilngalamin, diangkat oleh segenap ulama, disahidkan dengan berperang, memerintah menjadi raja agama, dengan mengikuti perintah Qur'an."
112.	Mĕngkana mapan tan lama, nulya wontĕn surat malih, saking Jendral Dhĕ Kok ika, punika ijĕmaneki, nanging datan tinulis kang surat sĕdayanipun ingkang prĕlu kewala, sampunipun ingkang tabe, kathah-kathah katura dhatĕng Paduka,	Demikianlah tidak lama kemudian ada surat lagi dari Jenderal De Kock, adapun isinya, tidak ditulis seluruh isi suratnya, hanya seperlunya saja. "Sesudah memberi salam yang demikian banyak kepada Paduka.
113.	Pangeran Dipanagara, jĕjulukira rumiyin mangke wus linilan Sukma, jinunjung kang pra ngulami, jumĕnĕng ratu iki **(h.260)** Islam tanah Jawi iku, nadyan inggih kawula, pan badhe ngestokkĕn sami, jumĕnĕngnya ratu Eslam tanah Jawa,	Pangeran Dipanegara, dahulu namanya. Sekarang sudah diizinkan Tuhan, dijunjung tinggi para ulama, memerintah sebagai raja Islam di Tanah Jawa. Sedangkan saya hendak memberikan restu bertahtanya raja Islam di Tanah Jawa,

[30] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
114.	Kang nama Sinuhun Sultan Ngabdulkamid yen marĕngi, kawula nuhun punika, kendĕling aprang rumiyin suwawi apĕpanggih, pan sami pribadi iku, punapa kinarsakna, nging sumados dintĕneki, lan ing pundi gen panggih kula sumangga,	yang disebut Sinuhun Sultan Ngabdulkamid. Jika berkenan, saya meminta perang dihentikan dahulu. Mari bertemu secara pribadi. Apabila dikehendaki, bersepakat (tentang) harinya dan di mana pertemuannya, saya persilakan.”
115.	Mĕngkana wangsulanira, Kyai Maja suratneki, sampune tabe kawula, Jĕngandika nuwun panggih, sayĕktos dereng kenging Jĕngandika dede ratu, Sinuhun Kangjĕng Sultan pan sampun pitajĕng yĕkti, mring kawula ingkang badhe manggihana,	Demikian jawabannya, Kyai Maja menulis, “Hormat saya, Anda meminta bertemu, sesungguhnya belum bisa. Anda bukanlah raja. Sinuhun Kanjeng Sultan sudah benar-benar percaya kepada saya yang hendak menemui.
116.	Dene bab kendĕling yuda, kang Sinuhun pan marĕngi, mĕngkana wus dhinawuhan sagung ingkang senapati, lamun kendĕling jurit lan Pagĕlen mapan sampu-**(h.261)**-n Pangran Dipanagara, kinen kendĕl mapan sami, anglir pendah sinambĕr pĕksi srĕngkara,	Adapun perihal dihentikannya perang, Sinuhun mengizinkan.” Demikian sudah disampaikan, seluruh senopati (sudah) menghentikan perang. Demikian pula dengan Pagelen. Pangeran Dipanegara diperintahkan menghentikan semuanya. Seperti disambar burung, menandakan bencana.